

ANN BAY LODYANS 10

Se Bryant Freeman
("Tonton Liben") ki
pare ti liv sa a.




PM
7854
.H39
A56
2000
v. 10

AYITI SE PÈP AYISYEN

Enstiti Etid Ayisyen - Inivèsite Kannzas
Bon Nouvèl
Fondasyon Alfa Lwès
2000

PM
7854
.H39
A56
2000
v. 10



TI CHENN LÒ A

Te gen yon nonm ki te gen twa ti satanjerenòs. Nan peyi a se kon sa yo te konn rele tout fi ki te twò bèl, paske chak gason ki al pale avè yo pa janm bon. Kidonk gason yo toujou mete chapo ba devan twa medam sa yo ki te bèl tankou solèy leve.

Papa sa a te renmen pitit fi l yo tankou de grenn je nan tèt li. Se sa msye pa t genyen, li pa t ba yo. Epòk fèt se pitit fi l yo ki toujou pi byen makiye, ki toujou gen pi bèl wòb, pi bèl sèsi pi bèl sela. Yon jou msye desann nan magazen, li achte yon seri bèl bagay, pami yo yon bèl ti chenn lò. Ti chenn lò

sa a, li bay pitit fi ki te pi gran an. Tout timoun yo kontan.

Kèk jou apre, papa a voye touletwa ti fi yo al larivyè pou lave, benyen, pran dlo. Lè yo rive bò dlo, yo tonbe lave rad. Vè twa zè gen youn ki di: “Nou fin lave, rense, nou plen kalbas dlo. Kounye a nou pral bat lobe nan dlo a.” Yo tout dakò.

Touletwa tonbe benyen, voye lobe, men nan naje monte desann, pi gran an santi yon men malveyan pase nan nwa kou li. Woy! manmzèl pantan. Sa ou tande a, li leve soti anba dlo a, men ti chenn li a te disparèt. Pase men isit, anyen. Pase men lòt bò, nad marinad.

Ti fi a pete rele, kriye, men lè a rive pou yo pati. Konsa, li di: “Si m te ka jwenn yon moun ki te kap jwenn ti chenn lan pou mwen, m ta ba li tout vi mwen, pou jan m te renmen chenn sa a. M ta bay moun sa a tout mwen menm.”

Etan li fin di koze sa a, lamenm yon krapo parèt, plap, plap, plap! Lè krapo a rive kote li, li di: “O pitit, sa ou genyen, ou ap kriye kon sa? Ala tris ou tris, ti cheri.” Timoun yo sezi, men piske yo te pèdi yon bèl bagay, yo te blije reponn. Ti fi a di tankou se yon moun ki t ap trangle: “Se yon ti chenn m te gen nan kou m, yon ti chenn m te renmen anpil ki pèdi nan larivyè a. Li glise desann soti tonbe nan dlo a, epi li pèdi. Nou chache l,

nou pa jwenn li. M setoblije fè yon gwo pwomès pou moun ki jwenn li a. M ap bay moun sa a tout mwen menm san wete, san regretman.” Krapo a di: “Se vre? Ou kwè ou ap pale serye?” Ti fi a reponn: “Se pawòl serye.”

La pou la, krapo a tonbe alarenvès nan dlo a. Tchouboum! Li koule anba dlo a, epi apre yon ti moman, li monte sou dlo a ak chenn lan nan kou li. Mezanmi, ti medam yo sezi! Li soti al jwenn yo. Li di: “Men chenn lan. Pran l nan kou mwen.” Ti fi a lonje bra l, li pran chenn lan nan kou krapo a.

Vit vit ti fi yo di krapo a mès, epi yo di pye sa m manje m pa ba ou. E yo pete kouri. Krapo a te sitèlman pa ka mache tankou moun, se plap, plap, plap ase li te fè. Ti fi yo menm chak fwa yo voye je yo apès bèt la dèyè yo, yo kouri pi rèd.

Rive yo rive lakay, yo kouri fonsè antre anndann. Yo di granmoun yo bonswa, yo manje, epi tout moun al nan kabann yo. Kabicha patko pran papa a, li tande kow kow kow nan pòt la. Papa a fè yon ti rete toujou, men bri a rekòmanse kow kow kow. Lè papa a louvri pòt la, li wè bèt la nan fènwa a chita won kou yon boul atè. Li santi li kontrarye, men li di kanmenm: “Sa ou vle, ti bèt?”

Krapo a reponn li: “Monchè, se nan larivyè mwen jwenn twa ti medam. Pandan y ap tire lobe, gen youn ki pèdi chenn li. Se pa de chache yo te

chache anvan m te parèt. Mèt chenn lan te di: Si yon moun rive jwenn ti chenn lan ban mwen, m ap ba li tout vi mwen. Lè mwen tande sa, mwen desann nan dlo a, m chache chenn lan, m jwenn li, m ba li l. Yo di m mèsi, epi yo kouri kite m. Yo kwè mwen pa t ap vini, yo kouri antre nan kay sa a. M vin chache ti dam sa a.”

Sa ou tande a, papa a leve medam yo. Youn pa youn, li mete yo kanpe. Li di: “Èske se fi sa a?” Krapo a di: “Non.” Papa a al sou yon lòt, li di: “Èske se fi sa a?” “Non.” Anfen papa a mande: “Lòt fi a?” Krapo a di: “Wi, se li menm.”

Menm lè a papa a pran tranble pou pitit fi li a. L ap mande kote pitit li a ap pase. Poukisa se nan men yon krapo l al tonbe? Èske krapo sa a se pa yon djab? Wouch mezanmi! Yon bèl fi kon sa! Ala tray!

Alafen papa a di: “Enben ma fi, depi se ou ki te bay dizon ou, kontra se kontra. Fò ou respekte pawòl ou.” Papa a pran men ti fi a, li lonje l bay krapo a. Menm lè a, de pye devan krapo a tounen bra, epi krapo a tounen yon bèl jenn gason. Se yon vye bagay ki te detounen li, e se yon fi li t ap tann pou l delivre.

M te la, m te wè yo. Se sa ki fè m vin ban nou ti womans sa a.


YON ISTWA ZABOKA

Yon jou, pandan de frè ap mache, yo jwenn yon zaboka. Youn di: “O! Gade yon zaboka.” Lòt la bese, li ranmase l. Premye a di: “Se mwen k ap separe l, paske se mwen ki wè l anvan.” Lòt la di: “Men se mwen ki pran l, konsa pi fò ladann se pou mwen.” Yo tonbe joure, kouwè kòk k ap batay nan gagè. Y ap voye fay kouwè kochon k ap raboure labou.

Konsa, gran frè yo vin ap parèt. Li di: “Sa k genyen?” Premye a di: “Mwen jwenn yon zaboka, konsa pi gwo ladann se pou mwen.” Lòt la di: “Mwen pi gran, konsa pi gwo ladann pou mwen.”


Nan diskisyon y ap fè, yo pa vle antann yo. Gran frè a pase men l, li manje tout. Yo pèdi ni sak ni krab. Renmen tout fè ou pèdi tout.

Jòslen Jozèf



PÈ SELÒM

Nan yon ti kwen an Ayiti gen yon ti bouk yo rele Pèzenyon. Se yon ti bouk ki gen anpil mizè. Nan bouk sa a tou, te gen yon granmoun yo te rele pè Selòm. Tèlman granmoun lan te gen lasajès ak ledikasyon, tout moun te blije respekte l, e yo te toujou swiv konsèy li te ba yo.



Men, moun nan bouk sa a te parese anpil. Yo te refize fè bagay yo rele travay la. Granmoun lan toujou sonje ak sò bouk la. Li toujou t ap mande l kouman pou

l fè moun enterese ak travay.

Yon jou, granmoun lan leve, li monte sou yon chèz, epi li rasanble tout moun nan bouk la. Li di yo: “Mezanmi, m rasanble nou la pou m ka rakonte nou yon rèv m fè yè swa.” Moun yo sezi. Y ap mande kijan rèv sa a ye pou granmoun lan oblije yo koute l konsa.

Pè Selòm kontinye: “Yè swa, m reve yon moun ki abiye ak yon bout kanson, yon manchèt, yon pikwa ak yon wou nan men l. Li di m: “Pè Selòm, mwen se yon zanj ki vin sove nou nan mizè. Al

fouye, al sakle tout kanton an, ou menm ak abitan yo, epi ou a jwenn lò.” Mwen menm, mwen mande li: “Kibò sa?” Li reponn mwen: “A monchè, si yon moun vle soti nan mizè, fò ou fè jefò.”

Aprè sa, pè Selòm di moun yo konsa: “Ki moun ki vle ede m chache lò sa a?” Tout moun reponn: “Prezan, prezan!” Pè Selòm di: “Bon, si tout moun dakò, tout moun al chache pikwa yo, epi tout moun al fouye nan pòsyon tè pa yo.”

Sa ou tande a, tout moun al chache zouti yo, epi yo kòmanse travay. De jou, yon mwa pase, moun yo pa janm jwenn lò. Pandan tan sa a, lè plantasyon vin rive, moun yo di: “Enben, piske tè nou byen laboure nan koze chache lò, annou mete pitimi, pwa, tomat, mayi ak kalalou ladan yo, epi, apre rekòt, n a kontinye chache lò.”



Konsa, tout moun mete tè yo ansanm. Yo fè semay ak plantasyon. Nan fen ane a, moun yo fè

bèl rekòt. Konsa tou, tout grangou disparèt nan peyi a. Moun yo sitèlman kontan, yo kouri al kay pè Selòm pou y al rakonte l mèvèy li fè pou yo. Lè yo vin lakay granmoun lan, yo jwenn li prèske mouri. Lè granmoun tande bri pye yo, li di yo: “Nou jwenn trezò a.”

Moun yo reponn: “Non, non, nou pa jwenn lò, men sa nou jwenn lan piplis pase lò.” Li mande yo: “Kisa nou jwenn?” Moun yo reponn li: “Nou vin konnen sa yo rele travay.” Pè Selòm di yo: “Enben, sa nou t ap chache a, nou jwenn li. Men chak ane Bondye mete, n ap gen pou nou chache l ankò. Avèk sa, peyi nou an ap vin pi bèl e l ap vin pi pwogrese. Avèk sa, n ap ka di aba lamizè, viv devlopman.” Apre mo sa yo, pè Selòm fèmen je l pou l pa janm louvri l ankò, paske travay li sou tè a te bout.

Mwen menm ki t ap pase bò lanmò pè Selòm lan, yo ban m yon koutpye, epi m vin tonbe sou ti fèy malanga sa a, pou m ka di nèg lakay: “Menm jan ak peyi yo rele Pèzenyon an, gen nan chak rakwen, nan chak bouk, nan chak mòn, yon kès lò. Se nou menm, nèg natif natal, ki pou mete tèt nou ansanm pou nou fouye, fouye, plante. Avèk sa, n a jwenn sa yo rele *lò peyi Dayiti*.”

Achedou Banèl, Senmak


BOUJWA AK ABITAN

Te gen yon boujwa Pòtoprens ki te soti nan bèl machin li pou ale Ench. Lè l rive andeyò, li pèdi wout li. Konsa li rete pou l mande yon abitan kijan pou l fè pou l rive Ench.

Boujwa a di: “Alo! konpè m! Ki kote pou m pase pou m ale Ench?” Abitan an reponn: “M pa konnen.” Nèg Pòtoprens la mande l ankò: “Oke. Èske ou ta ka di m ki kote pou m fè pou m rive Mibalè?” Abitan an reponn: “M pa konnen.” Nèg Pòtoprens la move. Li di lòt la: “Kifè, vye papa! Ou pa konnen anyen?”

Abitan an reponn: “Se pa mwen menm ki pèdi, non.”

Chita Pa Bay




ISTWA YON BATON MAJIK

Se te yon nèg ki te rele Lifèt. Nan peyi kote li te rete a, te gen yon move wa yo rele Antwàn. Poutèt move wa sa a, tout moun t ap pase anpil mizè. Tout moun te grangou, tout moun te yon men devan yon men dèyè.

Yon jou maten, Lifèt monte yon pye mango. Li t al dèyè kèk ti merilan. Etan li rive anwo a, li tonbe sou yon ti baton an lò. Tèlman msye te kontan, li manke lage kò l atè nan prese pou desann. Li kenbe ti baton an nan men l, l ap danse. Toudenkou, ti baton an pouse yon rèl. Lifèt di: “O! o! gade yon ti baton ki konn koze!”

Ti baton an reponn: “Ou poko wè anyen la a, ti frè!” Lifèt pè, li gen yon anvè ki pran l pou l jete ti baton an, men ti baton an di l: “Men kisa ou vle fè la a, apa ou vle jete m?” Lifèt sezi nèt, men li asepte mennen ti baton an lakay li. Kou l rive, ti baton an di l: “Kisa ou vle m fè pou ou?” Lifèt santi l anbarase, men anfen li di: “Jan m grangou la a, ou kwè se nan ranse m ta ye, si m te mande ou... si ou te kab simen manje ban mwen?”



“ Ti
baton
fè
devwa
ou.”

Sa ou tande a, ti baton an tonbe simen manje nan kay la. Lè Lifèt wè manje ap tonbe nan kay la tankou grenn lapli, li di: “Ti baton, grennen lajan nan kay la.” Mezanmi, pèsonn pa kab kontwole kantite bidòl ki simen nan kwen kay malere a. Lifèt pa konn sa pou l fè ak ti baton an. Li te gen laperèz. Petèt li ta gen pwoblèm ak wa Antwàn. Konsa li deside ale nan palè wa Antwàn pou fè l kado ti baton sa a. Natirèlman wa Antwàn te byen kontan pran ti baton an. Lifèt retounen al lakay li, pou l al regle sitiyasyon l. Konsa, li vin alèz kou mèt Blèz.

Men, Lifèt pa t konnen kouman pou l depanse lajan l san l pa gaspiye l. Konsa, li pèdi tout.

Lè mizè blayi ankò sou Lifèt, se lè sa a li sonje vye pye mango a. Li monte al cache nan branch bwa a kote li kab jwenn petèt yon dènye ti baton. Chans pou li, li wè yon lòt ti baton ki pi klere pase premye a. Li bap! li pase men pran l, epi l kouri atè. Etan li rive, li di: “Monchè ti baton, fè devwa ou, paske m pa kapab ankò.”

Choz di choz fèt. Men ti baton sa a tonbe kraze zo l anba kout kokomakak. Lifèt pete rele: “Anmwey! anmwey!” Alafendefen, Lifèt sonje fòk li di: “Otan!” pou ti baton an kab sispann. Apre sa, Lifèt fè menm jan an. Li pote ti baton an nan palè wa Antwàn pou fè l kado. Wa Antwàn, ki sonje

ki kantite lajan li te fè ak premye ti baton an, pa t poze okenn keksyon. Epi Lifèt chape poul li.

Touswit, wa Antwàn di: “Ti baton, fè devwa ou!” Konsa, ti baton an tonbe bat wa a byen bat, jouk li ale nan peyi san chapo. Lò sa a pèp la te bat bravo, epi yo kouri mete Lifèt wa peyi a. Apre sa, yo ban m yon kout pye, e m tonbe isit rakonte nou sa.

GWO DEBLOZAY

Te gen yon nèg ki te ale nan yon ba. Li rele bamann lan: “Vit, vit, pote yon ti vè wonm ban mwen anvan gwo deblozay la.” Bamann lan pote yon ti vè wonm ba li.

Nèg la di ankò: “Vit, vit, pote yon ti vè wonm ban mwen anvan gwo deblozay la.” Bamann lan pote yon dezyèm ti vè wonm ba li.

Nèg la di ankò: “Vit, vit, pote yon ti vè wonm ban mwen anvan gwo deblozay la.”

Anfen, bamann lan mande l: “Men, ki gwo deblozay sa a?” Nèg la reponn: “Ou pa konnen? Gwo deblozay sa a, se lè ou ap aprann m pa gen kòb pou peye ou!”


Chita Pa Bay

YON BAG AK YON SIGAL

Se te yon nèg yo te rele Teyodò. Msye a te sitèlman pòv li pa t konnen sa pou l fè. Konsa, yon jou li kite ti kounouk li pou al mande lacharite. Nan mache mache, li rive nan yon savann kote te gen bèl kay wa a.

Depi nan pòtay la, li di: “Onè.” Yon bòn reponn: “Respè.” Epi bòn lan mennen l yon kote e di l: “Depi ou rive, wa a ap mande ou si ou konn devine. Se pou ou di wi. Men yon bag m ap ba ou avèk bout bannann sa a. Anvan ou wè wa a, mete l devan kòdenn lan, kòdenn lan ap vale l.” Men sa Teyodò pa t konnen an, se bòn sa a ki te vòlè yon bag ki te pou wa a. Li te vin konprann si wa a aprann sa, l ap touye l.


Teyodò pran bag la ak bout bannann lan. Kou l voye yo devan kòdenn lan, kòdenn lan vale yo vre. Enpi atò, msye parèt devan wa a. Wa a di: “Sa ou vin fè isit?” Teyodò reponn: “Monwa, afè m pa bon, se lacharite m ap mande.” Wa a di: “Monchè, si ou pa konn devine, ou pa p bon isit la.” Msye reponn: “Wi monwa, m konn devine.” Wa a di: “M gen yon pwoblèm. Ki pwoblèm sa a?”



Teyodò kalkile kalkile, epi li di: “A! a! wi, monwa. M wè sa. Pwoblèm ou, sèke ou te pèdi yon bagay.”

Wa a di: “Sa pa kont. Ki bagay sa a?” Msye reponn: “Monwa, se yon bag ou te pèdi.” Msye frape men l pop pop, epi li kontinye: “Wi, monwa, ou mèt al fè yo touye kòdenn lan. Ou ap jwenn bag la nan vant bèt la.” Wa a fè yo touye kòdenn lan vre, e yo jwenn bag la nan vant li. Lamem, wa a fè l kado mwatye nan richès li.

Ennan pi ta, wa a pati al vizite yon wa nan yon lòt peyi. De wa sa yo chita atab, y ap manje. Nan manje manje, yon sigal tonbe sou tab la. Wa lòt peyi a pop, li chavire yon tas sou sigal la, san pyès moun pa wè sa. Epi li di: “O! o! si m jwenn yon moun ki kapab di m kisa ki anba tas la, m ap ba li mwatye nan tout byen m genyen!” Premye wa a di: “A! a! bagay la fasil! Kite m voye chache nèg lakay mwen. L ap ba ou sa sou de ti chèz.”



Li voye chache msye a vre. Lè l rive la, yo ba l manje. Li manje manje manje, enpi li kanpe, li di: “Mwen lasigal, jodi a m ap mourir.” Msye menm te konprann kòm li pa t konnen sa ki anba tas la, yo t apral touye l. Men wa nan peyi sa a annik tande mo lasigal la sèlman. Li pran msye, li leve l an lè.

Tout moun rele bravo pou Teyodò. Enpi lòt wa a fè l kado mwatye nan byen l yo. Msye vin pi rich pase toude wa yo.

ISTWA YON JAKO

Te gen yon nèg ki te gen yon jako ki rele Pyewo. Chak fwa nèg la soti, lè l vini, li rele: “Pyewo, kote ou?” Ti bèt la reponn: “Men mwen!”

Men te gen yon ti gason ki te wè sa. Li te bezwen vòlè jako a pou l kab fè amizman. Men li pa t konnen si pwovèb la di: Lanbisyon touye rat.

Yon jou pandan nèg la soti, ti gason an veye kouwè chat k ap veye rat. Li rantre, li pran ti bèt la, li foure l nan pòch li. Lè sa a, nèg la t ap vin parèt. Li bezwen distrè ti gason an. Li rele byen fò: “Pyewo, kote ou?” Ti bèt la, nan pòch ti gason an, reponn byen fò: “Men mwen!”

Se konsa nèg la te wè ti zanmi l te vin vòlè jako a. Alò nou menm, si yon bagay pa pou nou, bèl kou l bèl, pinga nou manyen l.



KU BOOKSTORES \$2.00

0-8400-5260-X



50200

FREEMAN, BRYANT
ANN BAY LODYANS VOL.10

GCON

02/23/01